

DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH
Seksyon 504/ADA Enfòmasyon ak konsantman Paran

Pou Paran oubyen Responsab: _____ Dat _____ / _____ / _____
(siyati) (prenon) (dezyèm non)

1ye PATI: Konsantman paran

Kòm sa fè pati efò n ap fè pou amelyore pèfòmans klas pitit ou a, manm ekip miltidisciplinè yo (ekip pwofesè k ap suiv pèfòmans elèv/ Ekip 504) ap bezwen pran ak revize enfòmasyon akademik ak konpòtman pitit ou a.

Pwofesè konseye akademik yo, sikològ lekòl ak lòt manm yo kapab patisipe nan obsèvasyon, entèvyou, administrasyon lis verifikasyon konpòtman, ak lòt aktivite pou kolekte done yo. Kounye a, yo pa sispèk pitit ou a bezwen sèvis yo ofri nan pwogram pou elèv ki bezwen edikasyon espesyal.

Nou bezwen konsantman w pou n pwosede avèk evalyasyon sa a. Tanpri siyen anba a epi retounen l lekòl la.

Lè yo fin revize enfòmasyon an, n ap enfòm w (wè dezyèm pati fòm sa a) sou yon konferans elijiblite pou rasanble enfòmasyon siplemantè, si nesèsè, epi diskite sou rezilta nenpòt evalyasyon ak/oubyen rekòmandasyon ekip la.

Yon kopi dwa w genyen kòm paran anba seksyon 504 ak reyabilitasyon an tache ak fòm sa a. Tanpri li dwa sa yo avèk anpil atansyon.

Si w genyen nenpòt kesyon ou kapab kontakte lekòl la.

KONSANTMAN Paran/Responsab pou evalyasyon ADA/504

Mwen dakò pa dakò pou bay konsantman m pou yo fè evalyasyon ADA/504

Siyati Paran/Responsab

Dat

2yèm PATI: 504 Enfòmasyon paran nan

- Konferans pou detèmine elijiblite pou seksyon 504
 Revize enfòmasyon pou etabli peryòd esè san akomodasyon
 Konferans pou revize/mete ajou plan 504
 Revize enfòmasyon pou detèmine sitiyoasyon inaktif
 Konferans pou detèmine manifestasyon andikap la
 Lòt _____

Dat _____ / _____ / _____ Lè

Kote _____

Moun ki envite nan konferans la:

- Reprèzantan 504 Administratè Estaf zòn Estaf Distri Konseye
 Pwofesè(yo) Paran/Responsab Lòt _____

Si w genyen kesyon kontakte:

Reprèzantan Lekòl 504 _____ Konseye _____

Telefòn () _____ - _____

Lekòl _____

Enfòmasyon sou Pwosedi pou Pwoteje Dwa Paran ak Responsab Seksyon 504 Lwa 1973 sou Reyabilitasyon • Lwa 1990 sou Ameriken ki gen Andikap

Dat aktyèl: ____ / ____ / ____

1. Distri lekòl reyon Palm Beach (Distri) sipòte ak vijilans chak nan pwosedi pou pwoteksyon dwa ki anba seksyon 504 lwa Reyabilitasyon 1973 (seksyon 504) ak lwa 1990 sou Ameriken ki gen andikap Tit II (ADA), yo bay tout moun ki kalifye kòm andikape anba lwa sa yo.
2. Ou genyen dwa pou jwenn enfòmasyon sou tout desizyon edikatif konsènan pitit ou ak jwenn tout enfòmasyon sou tout dwa lalwa ba ou.
3. Pwosedi pou pwoteksyon dwa sa yo gouvènè tout konfli anba seksyon 504 ak ADA konsènan idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikatif yon moun ki, akòz andikap li, bezwen, oswa yo kwè li bezwen enstriksyon espesyal oswa sèvis espesyal.
4. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou garanti pwosedi ak dwa ki genyen anba seksyon 504 ak ADA sou sit entènèt distri a ki se http://www.palmbeachschools.org/ese/documents/Sec_504.pdf.

Dwa Fondamantal

5. Fè pitit ou a patisipe, epi resevwa benefis nan pwogram edikasyon piblik san diskriminasyon sou baz andikap pitit ou a.
6. Resevwa enfòmasyon alavans ki gen rapò ak desizyon Distri a pran sou idantifikasyon, evalyasyon, oswa pwogram edikatif pou pitit ou.
7. Fè pitit ou a resevwa edikasyon piblik apwopriye gratis. Sa vle di Distri a dwe bay pitit ou a, san w pa peye: "edikasyon regilye oswa espesyal ki genyen rapò ak èd ak sèvis: (i) yo planifye yon fason pou satisfè bezwen [elèv ki genyen andikap] dapre jan bezwen moun [ki pa andikape] yo satisfè ak (ii) yo baze sou aderans ak pwosedi [Seksyon 504]." 34 C.F.R. § 104.33(b)(1).
8. Fè pitit ou a resevwa sèvis edikatif nan lokal ki konparab ak kote yo bay elèv ki pa andikape yo sèvis. Sa vle di Distri a dwe mete pitit ou a nan lekòl li ta prale si li pa t andikape. Yo p ap kapab retire pitit ou a nan yon klas edikatif regilye amwenske yo pa kapab satisfè bezwen elèv la nan anviwònman sa a menm lè yo ofri èd ak sèvis siplemantè.
9. Egzamine dosye edikatif pitit ou a annakò ak lwa federal ak Règleman federal ak eta a.
10. Pran desizyon sou evalyasyon ak pwogram edikatif ki baze sou yon varyete sous enfòmasyon ak moun ki konnen timoun nan epi ki gen konesans sou enfòmasyon ki genyen rapò ak done evalyasyon ak opsyon pou plasman.
11. Fè pitit ou a jwenn menm opòtinite, san diskriminasyon, pou patisipe nan tout aktivite ki pa akademik akekstrakourikilè Distri a ofri, timoun nan t ap kalifye pou yo otreman.
12. Bay timoun nan transpò ale vini nan lokal kote yo ofri yon pwogram altènatif (Si pwogram nan se pa Distri a k ap jere l) pa pi chè pase pri ou t ap peye si yo te mete elèv la nan yon pwogram kote se Distri a ki jere l

Medyasyon

13. Ou genyen dwa pou mande medyasyon pou tout desizyon oswa aksyon ki genyen rapò ak idantifikasyon, evalyasyon, plasman oswa pwogram edikatif pitit ou. Nan ka sa yo, yon medyatè espesyal ap eseye fasilite rezolisyon yon konfli nan fason ki akseptab pou tout pati yo. Medyasyon konplètman opsyonèl.

Pwosedi pou Pote Plent

14. Distri a te adopte pwosedi pou pote plent ki enkòpore prensip jijman anbònedifòm san patipri, ki ofri rezolisyon rapid ak ekitab plent ou genyen yo. 34 C.F.R. § 104.7(b).
15. Ou genyen dwa pou ale nan jijman pou tout desizyon oswa aksyon ki genyen rapò ak idantifikasyon, evalyasyon, plasman oswa lòt objektif edikatif pitit ou.
16. Pwosedi Distri a pou pote plent ba ou dwa pou: Jwenn enfòmasyon alavans sou aksyon legal; enspekte dosye; jijman anbònedifòm san patipri (jijman); pran avoka pou reprezante w; revize pwosedi yo. 34 C.F.R. § 104.36.
17. Anplis, objektif Règleman 5.001 Komite dirijan Distri lekòl la, ki gen pou tit "Pwoteje Elèv yo kont Asèlman ak Diskriminasyon," se pou prevni, envestige, epi pran mezi rapid, ekitab, ak apwopriye ki genyen rapò ak alegasyon diskriminasyon ak asèlman. Li ofri yon pwosedi pou plent ki genyen plizyè etap.

Jijman san Patipri

Dat Aktyèl: ____ / ____ / ____

18. Ou dwe fè demand jijman an alekri bay Sipèentandan Distri a, ki lokalize nan adrès sa a:

Sipèentandan
Distri Lekòl Rejyon Palm Beach
3318 Forest Hill Boulevard, Dept.C-316
West Palm Beach, FL 33406

19. Kou Distri a resevwa demand pou jijman ou lan, I ap pran sèvis yon Jij Dwa Administratif (ALJ) nan Depatman Edikasyon Florid, Divizyon jijman administratif.

20. ALJ a ap ba ou dat pou jijman k ap pèmèt ou menm ak Distri a prezante evidans. Apresa, ALJ ap pibliye yon desizyon alekri. Ni ou menm ni pitit ou a kapab patisipe nan jijman an. Ou genyen dwa pou jwenn yon avoka reprezante ou.

21. Divizyon jijman administratif la suiv Règleman inifòm pou pwosedi. Ou kapab aksede Règleman sa yo sou sit entènèt Divizyon jijman administratif: http://japc.state.fl.us/publications/Uniform_Rules.pdf.

22. Apre desizyon ALJ fin pran an, ou kapab mande pou Komite Dirijan Distri a okonplè revize l. Komite Dirijan Distri a pa kapab rejte oswa modifiye konklizyon ki baze sou fèt nan desizyon ALJ a, amwenske Komite Dirijan Distri a detèmine konklizyon ALJ a pa t baze sou fèt, oswa si pwosedi yo te baze konklizyon an sou li pa t obeyi egzijans esansyèl lalwa.

23. Altènativman, ou kapab entante yon aksyon sivil pou mande yon revizyon desizyon ALJ nan tribinal Distri a ki nan Etazini oswa tribinal ki genyen konpetans nan jiridiksyon Eta a.

Biwo pou Dwa Sivil

24. Biwo Dwa Sivil (OCR) se yon ajans Depatman Edikasyon Etazini. OCR ki fè respekte Seksyon 504, ADA, ak lòt dwa sivil federal, ki entèdi diskriminasyon nan pwogram oswa aktivite ki resevwa asistans finansye federal. Seksyon 504 ak ADA entèdi tou pou yo fè reprezay kont moun ki angaje yo nan aktivite ki pwoteje anba lwa sa yo.

25. Ou genyen dwa pou kontakte OCR konsènan yon plent, nenpòt ki lè. Pwosedi rezolisyon plent OCR administre a se yon bagay ki volontè, separe, epi ki pa menm bagay avèk dwa ou genyen pou chèche jistis. 34 C.F.R. § 104.7(b).

26. Enfòmasyon sou biwo OCR nan Atlanta pou kontakte, ki administre plent pou Florid, se:

Chief Investigator
Office for Civil Rights, Atlanta Office
U.S. Department of Education 61
Forsyth St. S.W., Suite 19T70
Atlanta, GA 30303-8927

Telefòn: 404-974-9406

27. Apre OCR fin fè investigasyon yon plent, ajans lan ap bay jeneralman yon Lèt Konklizyon, k ap deside si wi ou non te genyen yon vyolasyon. Si OCR jwenn yon vyolasyon, I ap idantifye l egzateman epi I ap presize aksyon apwopriye ki pou korije l.

28. Si ou chwazi pou pote yon plent bay OCR, ou dwe fè sa pa pita 180 jou apati dat diskriminasyon an te fèt la. OCR genyen yon pouvwa limite limite pou l ekate egzijans pou pote plent nan 180 jou.

Moun nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach ki responsab pou fè sèten distri a konfòme l ak ADA/504 la se:

Espesyalis ADA/504 zòn nan _____ Ana Gomez

Telefòn (561) 434-8817

Reprezantan ADA/504 lekòl la _____

Telefòn _____